

Posibilite Travay nan Agrikilti ak nan Pwodiksyon Manje nan Eta New York

Me 2023

Gen plizyè kalite travay agrikòl ki disponib nan New York kounye a. Pifò pral mande pou w leve plis pase 50 liv (23 Kilo) epi rete sou pye w pou yon jou 8 èdtan oswa plis. Gen kèk travay ki mande pou w gen ti konesans ak lòt ki mande eksperyans espesifik ak ekipman, sipèvize lòt moun ak plis ankò.

Operatè Ekipman Agrikòl: Operasyon machin yo fèt menmjan nan tout fèm nenpòt kote. Pozisyon sa yo souvan mande eksperyans nan fason pou opere e fè reparasyon debaz nan ekipman fèm yo. Gen kèk fèm ki vle bay anplwaye yo fòmasyon sou fason pou yo opere atik ki vrèman espesyalize yo. Kalite ekipman yo varye selon pwodui yo.

- Travay espesifik yo ka gen ladan yo konbinezon ki vin annapre yo:
 - o Manyen epi melanje pwodui chimik pestisid epi mete yo nan ekipman vaporizatè
 - o Fè angrè yo oswa pestisid yo fè poud ak machin manyèl ki fèt pou sa pou goumen kont moustik yo, maladi yo ak move zèb
 - o Fè ekipman yo itilize nan pwodiksyon agrikòl yo mache oswa repare yo, tankou traktè yo, semwa yo, aparèy ki fè mwason-ki bat ak ekipman irigasyon
 - o Ajiste epi fè antretyen nan machin agrikòl yo epi fè sipèvize a konnen lè gen machin ki kraze
 - o Fikse zouti agrikòl tankou chari, disk, aparèy ki kraze pwodui pou fè poud oswa ki fè mwason yo rive jiska traktè a
 - o Itilize zouti traktè tankou semwa yo oswa dispansè fimye yo
 - o Kondui gwo kamyon pou transpòte rekòt la deyò chan an epi dechaje kamyon an

Anplwaye Fèm letye oswa Bèje: Pozisyon sa yo gen ladan yo kontak dirèk ak bèt ki bay lèt. Travay yo ka soti nan aktivite manyèl, tankou lèt bèf ak pran swen jèn bèt yo, rive nan jesyon twoupo bèt ki pi espesyalize ki mande konesans avanse sou bèt, operasyon ekipman espesyalize ak plis ankò.

- Travay espesifik yo ka gen ladan yo yon konbinezon de sa ki vin annapre yo:

- Lèt bèf de a twa fwa pa jou
- Opere machin pou netwaye etab la
- Opere traktè yo ak machin remokè tankou epandè fimye ak ekipman jaden
- Idantifye epi trete bèf ki malad
- Ede nan elvaj bèf ak tibèf ki fenk fèt epi pran swen yo
- Ede nan pran swen zago yo
- Administre vaksen yo
- Elve bèf yo
- Ede nan depasman betay la

Anplwaye Pepinyè: Endistri sa konsantre sou miltiplikasyon plant yo, kilti semans ak transplantasyon oswa plant ki gen matirite yo.

- Travay espesifik yo ka gen ladan yo yon konbinezon de sa ki vin annapre yo:
 - Plante, retire move zèb, wouze, fè fegondasyon, fè transplantasyon ak transpò anyèl flè, legim ki soti nan espas sè a ak plant sezon otòn
 - Kenbe ekipman pepinyè,
 - Pran swen jaden espas sè yo ak flè deyò
 - Opere ekipman
 - Ede nan pwodiksyon konpòs

Anplwaye Pwodiksyon oswa Maketing Anplwaye Kontwole Anviwònman Agrikilti (CEA).: Fèm sa yo kiltive legim ak zèb nan espas sè oswa bilding nan zòn rural ak nan vil. Sektè sa a ap chèche moun ki ka travay nan yon nivo antre nan kilti plant jiska jesyon espas sè yo ak antrepriz yo.

- Travay espesifik yo ka gen ladan yo yon konbinezon de sa ki vin annapre yo:
 - Ede nan simen, pran swen, fè antretyen, ak rekòlte fèy vèt, zèb, tomat ak lòt rekòt.

- Bay lidèchip pou operasyon yo chak jou
- Netwaye plato ak espas kilti yo pou fè prevansyon maladi
- Travay sou liy anbalaj pou legim ak fèy
- Sipèvize ak fòme anplwaye yo

Anplwaye izin letye: Sektè sa a transfòme lèt ak pwodui letye tankou lèt nan boutèy, yogout, krèm si, fwomaj kotaj ak krèm glase. Anpil antrepriz eksplwate plizyè izin atravè Eta New York. Pozisyon sa yo varye ant travay ak ekipman tretman jiska kontwòl kalite pwodui, anbalaj ak anbake. Se izin letye yo ki bay fòmasyon sou travay la.

- Travay espesifik yo ka gen ladan yo yon konbinezon de sa ki vin annapre yo:
 - Opere ekipman yo itilize pou trete ak pake pwodui yo
 - Netwaye epi kontwole ekipman ak materyèl ki nesèsè sou liy pwosesis ak anbalaj
 - Kondui kamyon pou distribisyon pwodui yo (Lisans Konduit Komèsyal obligatwa)
 - Bay sipò pou anplwaye liy pwodiksyon yo, pou kenbe pwodiksyon ak bonjan kalite pwodui
 - Depanaj ak rezoud kèk defi operasyon
 - Ede prepare pwodui pou anbake
 - Ede ak pwogram sekirite manje ak asirans kalite
 - Sipèvize ak fòme anplwaye yo

Anplwaye izin transfòmasyon aliman: Sektè sa a konsantre sou kreyasyon nouvo pwodui lè l sèvi avèk pwodui agrikòl ki soti nan fwi ak legim rive nan kafe. Nan tout Eta New York, nou gen plizyè prosesè k ap chèche anplwaye pou sipòte liy pwodiksyon, distribisyon ak asirans kalite.

- Travay espesifik yo ka gen ladan yo yon konbinezon de sa ki vin annapre yo:
 - Opere machin epi rezoud pwoblèm
 - Bay sipò pou anplwaye liy pwodiksyon yo, pou kenbe pwodiksyon ak bonjan kalite pwodui
 - Kondui kamyon pou distribisyon pwodui yo (Lisans Konduit Komèsyal obligatwa)
 - Ede nan siveyans kontwòl kalite, ki gen ladan echantiyon pwodui nan diferan etap nan pwodiksyon ak anbalaj.

- Ede nan kenbe dosye ak rapò pou sekirite manje ak asirans kalite.